# Senatorlar Bozatawda

Usı jıldıń noyabr ayında qabıl etilgen «2020-2023 jılları Qaraqalpaqstan Respublikasın kompleksli sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında» ǵı Prezident qararında jańadan shólkemlestirilip jańalanıp atırǵan Bozataw rayonın hár tárepleme rawajlandırıw, ásirese, aymaqta isbilermenlik tarawın jetilistiriw boyınsha qatar jeńilliklerdiń belgilep beriliwi rayon xalqı ushın úlken imkaniyat, jaqsı jańalıq boldı.
Rayonda ámelge asırılıp atırǵan kólemli jumıslardıń barısı hám investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıwda júzege kelip atırǵan mashqalalardı úyreniw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Oliy Májilis Senatı aǵzaları R.Alimov hám A.Daniyarov Bozataw rayonında boldı.

Image not found or type unknown

Dáslep senat aǵzaları rayon orayındaǵı iri islep shıǵırıwshı kárxanalardan biri «BOZ-TEX» tekstil fabrikasında boldı. Ol jerde kárxananıń islep shıǵarıw kólemi, ónimlerdiń sapası hám jumısshılar ushın jaratılǵan sharayatlar menen tanıstı. Bunnan keyingi mánzil rayonda jańadan boy tiklegen zamanagóy imarat «Jaslar orayı» boldı. Bunda miymanlar rayonımızda jaslarǵa jaratılǵan imkaniyatlar menen jaqınnan tanısıp, qábiletli jaslar menen ushırastı.
Rayon hákimi M.Kaypanov senat aǵzaların qarar tiykarında rayonda ámelge asırılıwı lazım bolǵan investiciyalıq joybarlar menen tanıstırdı. Atap aytqanda, Bozataw rayonın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw, xalıqtıń jasaw shárayatın jaqsılaw maqsetinde 165,7 mlrd.swmlıq 77 joybardı ámelge asırıw belgilengen bolıp, bul joybarlardı orınlaw arqalı rayon xalqınıń jumıssızlıq dárejesi qısqartılıp, ekonomikanıń ósiw dárejesi joqarı bolatuǵınlıǵı atap ótildi.
Rayon hákimliginiń májilisler zalında senat aǵzalarınıń Xalıq deputatları rayonlıq Keńes deputatları, tiyisli mákeme, kárxana hám shólkem basshıları menen ushırasıwı ótkerildi. Onda juwmaqlanıp atırǵan jılda ámelge asırılıwı lazım bolǵan joybarlardıń orınlanıw nátiyjeleri hám orınlawda júzege kelip atırǵan mashqalalar boyınsha sáwbetlesildi, pikir-usınıslar tıńlanıp, juwapker qánigelerge wazıypalar belgilep berildi.
Aldaǵı waqıtlarda orınlanıwı tiyis bolǵan áhmiyetli joybarlardıń ámelge asırılıwında xalıq tárepinen saylap qoyılǵan deputatlardıń tutqan ornı ayrıqsha ekenligi atap ótildi hám bul boyınsha tapsırmalar berildi.
Sonday-aq, Senat aǵzaları R.Alimov hám A.Daniyarov rayondaǵı eń iri joybarlardan biri “BOZATAW SEMMENTAL” sharwashılıq kompleksinde boldı. Obekttiń qurılıs jumısları

menen tanıstı.
Rayon hákimi M.Kaypanov tárepinen miymanlarǵa qurılıs jumısları jedel pát penen alıp barılıp, juwmaqlanıw aldında turǵan bul orınǵa jıl juwmaǵına shekem Avstriya mámleketinen 600 bas  násilli qara mallar, Germaniyadan “Class” kombayn, traktor hám basqa texnikalar hámde Turkiya mámleketinen sútti qayta islewshi texnikalar alıp kelinetuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmatlar berildi.
Sonı da atap ótiw orınlı, «Qaraqalpaqstan Respublikasında sharwashılıq tarmaqların jedel rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı Prezident qararı tiykarında Bozataw rayonında sharwashılıqtı jedel rawajlandırıw boyınsha investiciya joybarlarınıń mánzilli dástúri islep shıǵılǵan bolıp, onda ulıwma bahası 79 mlrd 678,5 mln swmlıq 37 joybardı ámelge asırıw arqalı 156 jańa jumıs orınlarınıń jaratılıwı názerde tutılǵan.
Bunnan soń senatorlardıń rayon hákimliginiń májilisler zalında  rayon isbilermenleri menen ushırasıwı ótkerildi. Onda, Prezidentimizdiń 4889-sanlı Qararı boyınsha rayonda isbilermenlik penen shuǵıllanıwshı puqaralar ushın belgilep berilgen qatar jeńillikler menen tanıstırdı. Isbilermenlik jumısın jolǵa qoyıwdaǵı  áhmiyetli qaǵıydalar, biznes rejeni dúziwde itibar qaratılıwı zárúr bolǵan talaplar boyınsha keńesler berildi hám isbilermenlerdiń mashqalaları tıńlandı.
Atap aytqanda,  M.Ismailov berilgen jeńillikler tiykarında “BOZATOV XIVA AGRO” JShJ shólkemlestirip, rayonda zamanagóy ıssıxana shólkemlestiriw hám 35 gektar maydanda júzimgershilikti rawajlandırıw ushın kelesi jıl dástúrine kiritilgen halda jeńilletilgen kredit alıwda ámeliy járdem soradı.
Bul boyınsha hákimliktiń juwapker xızmetkerleri hám Xalıq bank AKB tiyisli qánigelerine tapsırmalar berilip, orınlanıwı qadaǵalawǵa alındı. Basqa da, bir qatar isbilermenlerdiń mashqalalarınıń sheshim tabılıwına erisildi.
Kúnniń ekinshi yarımında senat aǵzaları rayondaǵı sociallıq obektlerde bolıp, úyreniw jumısların alıp bardı. Rayon orayındaǵı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleriniń imkaniyatları, jańadan qurılıp atırǵan obektlerdegi qurılıs jumıslarınıń barısı menen tanıstı. Rayondaǵı 3-sanlı MShBSh búgingi jaǵdayı hám gúz-qıs máwsimine tayarlıq halatları kózden ótkerildi.
Bunnan soń,  Erkindárya awıl puqaralar jıyınında jasawshı xalıq wákilleri menen ushırasıp, olarǵa qabıl etilgen qarardıń mazmun-mánisi túsindirildi hám qısqa waqıt aralıǵında rayonda ámelge asırılıwı rejelestirilgen joybarlar haqqında maǵlıwmatlar berildi.
Puqaralardıń jol, suw hám tábiyiy gaz máselesindegi múrájatları tıńlanıp, bul mashqalalardı  imkaniyat dárejesinde sheshim tabıwǵa erisiw boyınsha kelisilip alındı.
Bozataw rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti